

BILTEN ENFÒMASYON SOU VAKSEN

Vaksen Polivalan kont Nemokoksik

Sa Ou Bezwen Konnen

Gen Anpil Enfòmasyon sou Vaksen disponib nan lang Panyòl ak nan lòt lang. Konekte sou entènèt nan sitwèb www.immunize.org/vis.

Hojas de Información Sobre Vacunas están disponibles en Español y en muchos otros idiomas. Visite <http://www.immunize.org/vis>

R Doktè a mande pou oumenm, oswa pitit ou, pran yon dòz vaksen PCV13 jodi a.

1 Pou kisa pou mwen vaksinen?

Vaksen polivalan kont nemokoksik (ki rele PCV13 oswa Pevnar 13) se yon vaksen doktè rekòmande pou pwoteje tibebe, ak ni kèk jèn timoun ni adilt ki gen sèten pwoblèm sante, nan **maladi nemokoksik**.

Se bakteri *Streptococcus pneumoniae* ki lakòz maladi nemokoksik. Yon moun kapab simaye bakteri sa yo ba yon lòt moun nan kontak sere.

Maladi nemokoksik kapab lakòz pwoblèm sante grav, tankou nemoni, enfeksyon san ak menenjit.

Menenjit se yon enfeksyon manbràn ki kouvri sèvo a. Menenjit nemokoksik se yon maladi ki ase ra (mwens pase 1 ka pou chak 100,000 moun chak lane), men li lakòz lòt pwoblèm sante, tankou li fè moun vin soud epi lakòz moun gen domaj nan sèvo. Sou timoun, li lakòz lanmò nan apeprè 1 ka sou 10.

Timoun ki poko gen laj dezan gen pi gwo chans pou pran maladi grav pase timoun ki gen plis laj.

Moun ki gen sèten pwoblèm medikal, moun ki gen plis pase laj 65 ane ak moun ki fimen sigarèt gen pi gwo chans tou.

Anvan yo te dekouvri vaksen an, enfeksyon nemokoksik te lakòz anpil pwoblèm chak lane nan Etazini sou timoun ki potko gen laj 5 ane, tankou:

- plis pase 700 ka menenjit,
- 13.000 enfeksyon nan san,
- apeprè 5 milyon enfeksyon nan zòrèy, ak
- apeprè 200 ka lanmò.

Apeprè 4.000 adilt toujou mouri alèkile chak lane akòz enfeksyon nemokoksik.

Enfeksyon nemokoksik kapab difisil pou trete paske gen kèk souch ki reziste nan antibyotik. Sa fè li pi enpòtan kidonk pou **fè prevansyon avèk vaksinasyon**.

2 Vaksen PCV13

Gen plis pase 90 kalite bakteri nemokoksik. Vaksen PCV13 pwoteje moun kont 13 ladan yo. 13 souch sa yo kapab lakòz enfeksyon ki pi grav sou timoun ak apeprè mwatye enfeksyon sou adilt.

Anjeneral, yo bay timoun vaksen PCV13 lè timoun yo gen laj 2, 4, 6 ak 12–15 mwa. Timoun ki nan entèval laj sa yo gen pi gwo chans pou pran maladi grav akòz enfeksyon nemokoksik.

Doktè ka rekòmande vaksen PCV13 tou ni pou kèk timoun ki pi gran ni pou adilt. Doktè a kapab ba ou detay sou li.

Yo ka bay tou yon dezyèm kalite vaksen nemokoksik, ki rele PPSV23, pou kèk timoun ak adilt, ansanm ak nenpòt moun ki gen plis pase laj 65 ane. Gen yon dokiman apa sou Enfòmasyon sou vaksen sa a.

3 Prekosyon pou pran

Tout moun ki te janm gen alèji ki kapab mòtèl ak yon dòz vaksen sa a, ak yon ansyen vaksen nemokoksik ki te rele PCV7 (oswa Pevnar), oswa ak nenpòt vaksen ki gen anataksin difterik (pa egzanp: DTaP), pa fèt pou l pran PCV13.

Tout moun ki fè alèji grav ak nenpòt eleman nan PCV13 pa ta dwe pran vaksen an. Fè doktè a konnen si moun k ap pran vaksen an fè



nenpòt alèji grav.

Si moun ki gen pou pran vaksen an malad, doktè a ka deside pou bay yon lòt randevou pou li pran vaksen an nan yon lòt jou.

Doktè a kapab ba ou plis enfòmasyon sou nenpòt nan prekosyon sa yo.

4 Risk ki genyen

Nan tout medikaman, tankou vaksen, gen yon chans pou gen reyaksyon negatif. Anjeneral, reyaksyon negatif sa yo modere epi yo ale poukont yo, men reyaksyon grav posib tou.

Pwoblèm yo rapòte ki asosye avèk PCV13 pa menm selon dòz ak laj moun yo, men anjeneral:

- Apeprè mwatye timoun te vin gen anvi dòmi apre yo pran piki a, yo pa t gen apeti pou yon ti tan, oswa po kò yo te wouj oswa te sansib kote yo te pran piki a.
- Apeprè 1 sou 3 te gen kò yo anfle kote yo te pran piki a.
- Apeprè 1 sou 3 te gen yon lafyèv modere, epi apeprè 1 sou 20 te gen yon lafyèv ki pi cho (plis pase 102,2°F).
- Jiska apeprè 8 sou 10 te vin rechinya oswa chimerik.

Adilt ki te pran vaksen an te rapòte po kò kote yo te pran piki a te vin wouj, te gen doulè, epi te anfle. Yo te rapòte tou lafyèv modere, fatig, maltèt, frison, oswa doulè nan miskilati.

Reyaksyon alèjik nan vaksen ki kapab mòtèl ra anpil.

5 Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon grav?

Kisa mwen ta dwe siveye?

- Siveye nenpòt sa ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyèv ki cho anpil oswa chanjman nan konpòtman.

Siy yon reyaksyon alèjik grav kapab gen ladan itikè, figi anfle oswa gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij, ak feblès.

Siy sa yo ta dwe kòmanse ant kèk minit ak kèk èdtan apre vaksinasyon an.

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.

Kisa mwen ta dwe fè?

- Si ou panse se yon reyaksyon alèjik grav oswa yon lòt ijans ki pa kapab tann, mennen moun sa a nan lopital ki pi pre a oswa rele 9-1-1. Sinon, rele doktè a.
- Apre sa, ou ta dwe fè rapòt reyaksyon an nan “Vaccine Adverse Event Reporting System” (VAERS). Doktè a ka fè rapòt sa a, oswa ou kapab fè sa poukont ou sou entènèt nan sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou ka konpoze nimewo **1-800-822-7967**.

VAERS la sèlman pou pran rapòtaj sou reyaksyon yo. Yo pa bay konsèy medikal.

6 Pwogram Nasyonal Dedomajman pou Domaj nan Vaksen

Yo te kreye National Vaccine Injury Compensation Program (VICP) nan lane 1986.

Moun ki kwè yo te ka pran domaj nan yon vaksen kapab jwenn enfòmasyon sou pwogram lan ak sou fason pou yo fè yon reklamasyon lè yo rele nan nimewo **1-800-338-2382** oswa lè yo konekte sou entènèt nan sitwèb VICP a nan www.hrsa.gov/vaccinecompensation.

7 Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

- Mande doktè a.
- Rele departman sante piblik zòn ou oswa nan eta kote w ap viv la. 1-888-767-4687
- Rele Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)**, oswa
 - Konekte sou entènèt nan sitwèb CDC nan www.cdc.gov/vaccines

DCH-0955HC



Vaccine Information Statement (Interim)

PCV13 VIS - Haitian Creole (2/27/13) 42 U.S.C. §300aa-26

AUTH: P.H.S., Act 42, Sect. 2126.

Translation provided by the Massachusetts Department of Public Health

Yo pral voye enfòmasyon bay Michigan Care Improvement Registry pou ka pèmèt moun (yo) ki bay swen medikal gen enfòmasyon ki egzat sou estati vaksinasyon, evalyasyon vaksinasyon, ak orè yo rekòmande pou vaksinasyon alavni. Moun gen dwa pou mande moun ki ba yo swen medikal pou yo pa voye enfòmasyon sou vaksinasyon nan Biwo Anrejistremant an.